



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ROCHESTER PRAL ÒGANIZE KONFERANS SOU KANAL 2022 ETA NEW YORK LA

*Konferans chak dezan reyini defansè atravè New York pou pataje estrateji pou amelyore kominote kannal yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Rochester pral òganize Konferans sou Kanal Eta New York 2022 a, yon evènman chak dezan ki rasanble amatè, pwofesyonèl, ak inivèsitè kanal ak wout navigab enteryè yo pou aprann sou yon seri sijè ki gen rapò ak Kanal Eta New York yo pandan y ap selebre istwa rich yo. Konferans sa a, ki pral fèt 2 oktòb rive 4 oktòb nan Strathallan Hotel, se Sosyete Kanal Eta New York (Canal Society of New York State) ki òganize epi se Otorite Enèji New York (New York Power Authority NYPA) Kòporasyon Kanal Eta New York (New York State Canal Corporation), ak Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie (Erie Canalway National Heritage Corridor) ki patwone li. Evènman an sipoze atire plizyè santèn patisipan nan zòn anba lavil Rochester a, pou ede ankouraje ekonomi lokal la.

"Pandan n ap tann ak enpasyans 200 èm anivèsè ouvèti Kanal Erie a an 2025, se yon opòtinite pou kominote bò kanal yo selebre siyifikasyon istorik moman sa a genyen pou Eta New York, men tou mezire valè sistèm kanal nou an pote pou yon ekonomi lokal ak fyète li pote nan kominote yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konferans Kanal la konekte Nouyòkè yo ak vwa navigab yo, rasanble epi enspire rezidan yo ak defansè ak ekspè ki soti toupatou nan eta a."

Konferans Kanal 2022 a pral gen ladan yon selebrasyon kominotè nan onè [pwogram ROC the Riverway](#) Rochester a - ki se yon inisyativ ki konsolide plis pase de douzèn pwojè transfòmasyon sou Genesee River nan yon estrateji inifye. Pwogram nan gen ladann yon varyete pwojè, ki gen ladan dènye finisman faz en (1) pwomenad West River Wall la nan North Star Commons, finisman Genesee Riverway Trail sou bò rivyè a atravè Center City la, ak yon rekonsepsyon Charles Carroll Plaza ak Genesee Crossroads Park. Plan an prevwa tou amelyorasyon enpòtan nan gwo enstalasyon rivyè yo, ki gen ladan Blue Cross Arena ki nan War Memorial; Joseph A. Floreano Rochester Riverside Convention Center; ak bilding Rundel Memorial Library a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Gen kèk bagay nan istwa eta nou an ki gen menm enpak, istwa ak

enpòtan menm jan ak Kanal Erie a, epi Konferans sou Kanal chak de zan an se yon sit enpòtan pou moun ki gen enterè yo ki otou riv li yo reyini epi idantifye fason nou ka pi byen pwoteje avni li yo. Kanal la ak kouran dlo li yo ekipe ekonomi nou an epi anrichi kominote bò kanal yo jiska jounen jodi a, epi fowòm sa a pèmèt nou tandè kèk nan pi gwo ekspè nan eta a yo sou fason pou pi byen pwoteje ak itilize sistèm kanal la, yon fason pou li rete dinamik pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo."

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Mwen kontan akeyi Konferans Kanal Eta New York 2022 a nan Rochester Oktòb sa a. Avèk pwojè ROC the Riverway la ki byen sou pye, ansanm ak eritaj kiltirèl rich nou an kòm yon vil kanal, Rochester se kote ki pafè pou òganize evènman sa a ki pral sipòte ekonomi lokal nou an tou. Mwen rekonesan anvè Canal Society of New York State ak tout patnè ki pote kolaborasyon yo ki te rann opòtinite sa posib pou rejyon nou an."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Kanal Erie a se youn nan eleman ki pi presye nan Eta New York la. Kouvri plis pase 563 km, sa ki te itilize yon lè pou transpò machandiz se kounye a yon motè touris ak ekonomik. Mwen kontan wè Konferans Kanal Eta New York la ap vini nan Rochester soti 2 oktòb pou rive 4 oktòb. Rejyon nou an kontan anpil pou opòtinite sa a pou montre pwogram ROC the Riverway nou an epi bay fanmi yo aktivite amizan ki mete aksan sou plizyè vwa navigab Rochester yo!"

**Manm Asanble Demond Meeks, te deklare,** "Se yon plezi pou m akeyi Konferans Kanal Eta New York la nan Rochester, NY, ansanm ak Kanal Erie! Rich istwa Rochester an lye dirèkteman ak gwo vwa navigab sa a ki te mennen anpil nan zansèt nou yo nan rejyon sa a pou te chèche yon lavi miyò pou pitit yo. Pòtay sa a nan Midwest la te ede biznis yo pwospere, ak fanmi yo jwi espas piblik, e mwen kontan wè eta nou an ap kontinye investi nan elaji opòtinite sa yo pou plis manm nan kominote a. ROC the Riverway pral ouvri nouvo biznis, kreye pi bon lojman, ak ede vil nou an vin pi ekitab nan bay opòtinite sa yo isit la nan anba lavil Rochester a. Mwen rekonesan pou investisman eta a epi mwen espere bati yon avni ki pi briyan pou Rochester!"

**Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare,** "Pandan prèske de syèk, Kanal Erie te sèvi kòm pon ant moun ak komès atravè New York. NYS Canal Corporation kontan anpil pou l travay ansanm ak pati konsène yo ak kòlèg yo pou montre kijan investisman kontinyèl nou nan sistèm Kanal yo sipòte rekreyasyon ak biznis lokal yo nan kominote yo atravè eta New York. Konferans chak de zan sa a rasanble Nouyòkè sa yo ki investi nan sistèm Kanal la, pou asire avni nou an dinamik ak enpòtan pou pwochen jenerasyon an pandan y ap onore istwa pataje ak rich nou an."

**Prezidan Konferans Kanal Eta New York la, Kal Wysokowski, te deklare,** "Konferans sou Kanal la rasanble vwa ki soti toupatou nan eta nou an, sa ki pèmèt nou aprann youn nan men lòt sou fason pou n bati pi bon avni pou Kanal Erie ak kominote ki sou riv li yo. Nou kontan anpil pou n mennen Konferans sou Kanal la nan Rochester - ke Kanal la te ede soti nan yon avan-pòs fwontalye pou vin tounen yon jèn kominote ki t ap pwospere nan premye epòk li yo - epi selebre travay eksepsyonèl vil la te fè pou prezève ak pwomouvwa Kanal Erie a bay vizitè yo ki soti toupatou nan Eta New York ak odela"

**Direktè Egzekitif Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie a, Bob Radliff, te deklare,** "Konferans sou Kanal Eta New York ane pase a te ekstrèmman enfòmatif ak angajan. Nou kontan ankò pou nou sipòte rasanbleman ane sa a nan Rochester epi apresye efò Canal Society a pou òganize yon asanble lidè kanal premye plan."

**Don Jeffries, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Visit Rochester a, te deklare,** "Nou kontan akeyi Konferans Chak De Za Canal Society New York la nan Rochester epi fè yon limyè sou '161 km ki nesese pou wè' Kanal Erie a. Evènman Eta New York sa ke y ap tann depi lontan pral pote atansyon kontinyèl sou ROC the Riverway, plan Vil la pou re-imagine bò rivyè anblematik nou an - yon pati enpòtan nan transfòmasyon anba lavil Rochester a epi ki atire vizitè nou yo ak kominote lokal yo."

**Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare,** "Rochester se yon vil dinamik ki gen yon kominote solid ak yon istwa pwofon, epi mwen onore dèske li pral sèvi kòm lokal pou Konferans sou Kanal 2022 a. Vil Rochester prezante tisi pafè pou objektif Konferans lan pou transfòme rezo istorik vwa navigab yo an yon destinasyon lwazi pou Nouyòkè yo ansanm ak touris yo. Yo pa ka nye ke kanal yo ak vwa navigab entèn yo lye yon fason ensepab ak fib sosyal, kiltirèl, ak ekonomik kominote ki antoure yo epi mwen fyè dèske New York ap investi nan av sistèm kanal Eta a."

Evènman ouvèti konferans lan gen ladann pagay, randone ak monte bisiklèt sou Genesee River, yon premye rega sou plan Vil Rochester a pou reimagine Kanal anblematik, ak kwazyè bato li a sou vwa navigab la. Prezantasyon ak ekspozisyon tematik Kanal la yo, ansanm ak opsyon pou patisipan yo patisipe nan atelye ak pwomnad ansanm ak Kanal Erie a pral fè pati evènman twa jou a tou. Pou plis enfòmasyon sou pwogramasyon an ak pou enskri, tanpri vizite: <https://www.nyscanalconference.org/>.

###